



ÈSKE W ANSENT OSWA W AP BAY TIMOUN TETE?

KONNEN DWA W YO *nan Milye Travay ou*



Division of
Human
Rights

Department
of Labor

Workers'
Compensation
Board

Diskriminasyon gwosès nan milye travay vyole lwa federal ak lwa Eta New York la.

TRAVAY PANDAN W ANSENT

Li ilegal pou yon anplwayè¹ revoke yon anplwaye paske li ansent oswa li ka vin tonbe ansent— oswa chanje règ, kondisyon, ak privilèj anplwa yo akòz gwosès, akouchman, oswa kondisyon² ki gen rapò ak gwosès la yo. Li ilegal tou pou yon anplwayè refize anboche oswa pwomouvwa yon aplikan paske l ansent oswa li ka vin tonbe ansent.

Apati de Janvyè 2016, lwa Eta New York la eksplisitman garanti travayè ki ansent yo dwa pou yo bay yo akomodasyon rezonab pou nenpòt kondisyon ki gen rapò ak gwosès yo, ki gen ladan:

- poz okazyonèl pou yo pran repo oswa bwè dlo,
- yon orè travay adapte,
- konje pou bezwen medikal ki gen rapò ak gwosès la yo,
- disponibilite plasman tach leje, ak
- transfè ki lwen tach danjere yo.

Anplwayè w la pa gen dwa egzijè w pou w pran konje paske w ansent. Si w pran konje medikal akòz de yon kondisyon ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman, anplwayè w la dwe konsève djòb ou a pou ou pandan tout dire yo konn nòmalman konsève djòb pou anplwaye ki pran konje medikal pou lòt rezon yo. Ou gendwa gen lòt dwa pou retounen nan travay la yo dapre Lwa sou Konje Familyal ak Konje Medikal federal la (federal Family and Medical Leave Act), Lwa sou Avantaj pou Andikap Eta New York la (New York State Disability Benefits Law), ak Lwa sou Konje Familyal Peyè Eta New York la (New York State Paid Family Leave Law).

TRAVAY PANDAN W ANSENT

Dapre Lwa Eta New York la, li ilegal pou yon anplwayè trete w diferan paske ou ap bay timoun tete. Yo garanti manman k ap bay timoun tete yo tan poz pou yo ponpe lèt yo pandan yo nan travay.

- Pandan jiska twazan apre akouchman an, ou gen dwa pou w pran tan poz san peye oswa itilize tan poz peye w yo oswa lè repa w yo chak jou, poutèt pou ka ponpe lèt matènèl ou pandan w nan travay la.
- Anplwayè w la dwe fè efò rezonab pou l ofri yon chanm oswa yon lòt kote, nan yon espas ki pa lwen kote w ap travay la, kote w ka ponpe lèt matènèl ou an prive.
- Anplwayè w la pa gen dwa diskrimine kont ou sou baz desizyon w pran pou w ponpe lèt matènèl ou pandan w nan travay la.

¹ Pou rezon sa a, Lwa sou Dwa Moun New York la (N.Y. Human Rights Law) defini yon anplwayè pou l enkli nenpòt anplwayè ki gen kat moun oswa plis kap travay avèk li.

² Lwa sou Dwa Moun lan ap kouvri nenpòt kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman ki anpeche moun lan egzèsè yon fonksyon nòmal kò li oswa ke yo ka demontre apati de yon teknik dyagnostik klinik oswa laboratwa ki admisib sou plan medikal, epi sa ap gen ladan alètman, fòskouch, ak avòtman.

PRAN KONJE FAMILYAL PEYE A

An 2016, Gouvènè Cuomo te siyen vin lwa, politik Konje Familyal Peye ki pi solid ak pi global nan nasyon an. Fanmi k ap travay yo pap bezwen chwazi ant pran swen pwòch yo ak riske sekirite ekonomik yo ankò.

Apati 1e Janvyè 2018, pifò anplwaye k ap travay pou anplwaye prive nan Eta New York la yo elijib pou yo pran Konje Familyal Peye. Si w se yon anplwaye piblik, anplwayè w la gendwa chwazi ofri w Konje Familyal Peye.

Konje Familyal Peye New York la ofri konje peye avèk pwoteksyon pou travay ou pou w ka:

- **kreye lyen** ak yon timoun ki fenk fèt, yon timoun ou fenk adopte, oswa yon timoun ou fenk akeyi nan fanmi dakèy;
- **pran swen** yon fanmi pwòch ou ki gen yon kondisyon medikal grav; oswa
- **ede** pwòch ou yo lè gen yon manm fanmi w ki deplwaye aletranje nan sèvis militè aktif.

Ou ka kontinye asirans medikal ou a pandan ou an konje a epi yo garanti w menm travay la oswa yon travay ki konparab apre konje w la fini. Si ou kontribiye nan depans pou peye pou asirans medikal ou a, ou dwe kontinye peye pou pòsyon pri prim ou responsab la pandan ou an Konje Familyal Peye a.

Anplwayè w la paka diskrimine oswa fè vanjans kont ou paske w mande oswa ou pran Konje Familyal Peye oswa asirans envalidite akoutèm pou gwosès ak kondisyon ki gen rapò ak akouchman.

Pou plis enfòmasyon, vizite ny.gov/pregnancyrights
oswa tèks “**PREGNANT**” nan **81336**.

Si w kwè ke yo te diskrimine kont ou paske w ansent, oswa yo te refize ba w akomodasyon rezonab pou yon kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès la oswa akouchman an, ou ka depeze yon plent nan Divizyon Dwa Moun Eta New York la (New York State Division of Human Rights):
vizite: dhr.ny.gov oswa rele **1-888-392-3644**